



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024



KUTUT KATURANGGAN

Penulis: **Hidratmoko Andritamtomo**
Ilustrator: **Landha Bellamora**



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

KUTUT KATURANGGAN

Penulis: **Hidratmoko Andritamtomo**
Ilustrator: **Landha Bellamora**



Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Kutut Katuranggan

Penulis : Hidratmoko Andritamtomo
Ilustrator : Landha Bellamora
Penerjemah : Geovanna Nathania Yolanda
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Sumadi
2. Bahasa Indonesia: Noor Hadi

Penata Letak : Landha Bellamora

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-634-00-0423-6

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 15, Arial 12. ii, 17 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, pembaca yang budiman,


Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Nalika dina prèinan, Wira dolan nèng omahe simbahé. Dhèwèké ana mburi omah karo mbahé kakung. Papan iku dadi kesenengané jalaran bisa nyawang alas lan Gunung Nglanggeran. Dhèwèké banjur ngajak Mbah Suta menyang alas.


Simbahé mèsèm banjur nggandhèng Wira. Nalika lagi lèrèn, Wira krungu swara piyik manuk. Dhèwèké banjur nggolèki sumbering suwara. Sawisé digolèki ing ngisor wit durèn, ana susuh manuk tiba.

Wira njupuk susuh iku lan diiling-ilingi, ana piyik manuk loro. Mbah Suta ndangu, “Kuwi piyik manuk apa, Lé?” “Boten ngertos, Mbah,” wangsulané Wira. Mbah Suta banjur nitipriksa piyik manuk kuwi.

Pada saat liburan, Wira mengunjungi rumah simbah. Ia berada di belakang rumah bersama simbahnya. Tempat itu menjadi kesukaannya karena bisa melihat hutan dan Gunung Nglanggeran. Ia lalu mengajak Mbah Suta pergi ke hutan.

Simbahnya tersenyum lalu menggandeng Wira. Ketika sedang istirahat, Wira mendengar suara anak burung. Ia segera mencari sumber suara. Setelah dicari di bawah pohon durian, ada sarang burung jatuh.

Wira mengambil sarang itu dan melihat dengan teliti, ada dua anak burung. Mbah Suta bertanya, “Itu anak burung apa, nak?” “Tidak tahu, Mbah,” jawab Wira. Mbah Suta lalu meneliti anak burung itu.



Saramungé mriksa, Mbah Suta manthuk-manthuk kaya wis pirsa. Sawisé banjur ndangu Wira, “Manuké arep kokbalèkké apa digawa bali?” “Yèn ajeng dibalèké wité dhuwur, kula boten saged mènèk, Mbah,” kandhané Wira. Mbah Suta ngendika, “Anakan manuk iki dakparingké kowé lan opènana tenanan!”

Tekan ngomah Wira takon, “Niki anak manuk napa, Mbah?” Mbah Suta ora maringi pirsa. Welingé manuk kudu diopèni nganti gedhé lan ora olèh didol. Saliyané kudu diingu dhéwé sokur yèn wis gedhé gelem ngeculké.

Wira manthuk ngrungoké welingé Mbah Suta. Dhèwèké banjur pamitan marang simbahé kakung lan putri. Kanggo nggawa manuk iku, Mbah Suta maringi kurungan, Wira seneng atiné jalaran diparingi anakan manuk.

Setelah memeriksa, Mbah Suta menganggukkan kepala sudah mengerti. Setelah itu, Mbah Suta bertanya pada Wira, “Burung itu akan dikembalikan atau dibawa pulang?” “Jika dikembalikan, pohonnya tinggi, saya tidak bisa memanjat, Mbah,” kata Wira. Mbah Suta berkata, “Anak burung ini kuberikan padamu dan rawatlah dengan baik!”

Sesampainya di rumah, Wira bertanya, “Ini anak burung jenis apa, Mbah?” Mbah Suta tidak menjawab. Pesannya, burung itu harus dirawat sampai besar dan tidak boleh dijual. Selain itu, harus dirawat sendiri, jika sudah besar, Wira mau melepaskannya.

Wira mengangguk, mendengarkan pesan Mbah Suta. Ia berpamitan kepada kakek dan neneknya. Mbah Suta memberikan sangkar burung pada Wira untuk membawa burung itu. Wira senang karena diberi anak burung.



Ing omah, Suci, mbakyuné Wira, lagi reresik. Ora mung njero omah, plataran lan pekarangan uga diresiki saéngga kahanan sakiwatengené omah tansah katon resik.

Kejaba kuwi, ing pekarangan ngarep ditanduri manéka warna kembang. Wiwit kang éndah nganti sing ambuné wangi. Pancèn lumrahé wong wadon seneng resik-resik lan nenandur. Mulané, omahé tansah asri kang njalari kabèh padha betah.

Ora wetara suwé, Wira tekan ngomah. Dhèwèké ibut nyantholké kurungan ing ngarepan. Sawisé kuwi, dhèwèké golek gombal resik kanggo ngemuli piyik manuké. Papan kanggo ngombé lan mangané uga dicepakaké.

Kakaknya Wira, Suci, sedang membersihkan rumah. Tidak hanya dalam rumah, teras dan halaman juga dibersihkan. Maka keadaan seluruh rumah terlihat bersih.

Selain itu, di halaman depan ditanam beragam jenis bunga. Pepohonan yang indah sampai yang berbau harum. Memang wajar perempuan suka bersih-bersih dan bercocok tanam. Maka dari itu, rumahnya asri dan yang tinggal menjadi betah.

Tidak berselang lama, Wira sampai rumah. Ia menggantungkan sangkar burung di depan. Setelah itu, ia mencari kain bersih untuk menyelimuti anak burungnya. Tempat minum dan makan juga ia siapkan.



Weruh gombal pating blasah anèng jogan, Suci dadi muring. Wira kandha, “Iki nggo ngingu manuk, Mbak.” Krungu kandhané adhiné, Suci nyaketi kurungan.

Sawisé weruh manuk cilik-cilik, Suci gila. Kurungan banjur disèlèhké tanpa dicantholké manèh. Pakartiné mbakyuné nggawé Wira mangkel.

Najan atiné mangkel, mbakyuné sing mlebu ngomah ora diusir. Dhèwèké milih nyepakaké gombal kanggo ngangetké manuké. Anak manuk mau wis katon anteng marga wis ngrasakké anget.

Melihat kain berantakan di teras, Suci marah.

Wira berkata, “Ini untuk memelihara burung, Mbak.” Mendengar ucapan adiknya, Suci mendekati sangkar.

Setelah melihat burung-burung kecil, Suci geli. Sangkar burung lalu ditaruh tanpa digantung kembali. Perbuatan kakaknya membuat Wira kesal.

Meskipun hatinya kesal, saat kakaknya masuk rumah tidak diajak berkelahi. Ia memilih menyiapkan kain untuk menghangatkan burungnya. Anak burung itu sudah tenang karena merasa hangat.



Kurungan nuli dicantholké ing ngarepan omah lan tansah disawang. Ora wetara suwé cucuké manuk kaya nggolèki pangan. Wira mikir, manuké wis wanciné mangan. Nangin, dhèwèké durung ngerti pakané lan carané makani.

Arep takon marang bapake, nanging ora ana ngomah. Takon marang ibune lan Suci, sangsaya mokal jalaran kekaroné ora ngerti prekara ngingu manuk. Wekasane, Wira arep takon marang Bagas, kancané dolan nèng omahé.

Satekané ing omahé Bagas, katon Bagas lagi makani piyik manuk thilang. Wira ndelok pakané lan carané Bagas makani. Piyik manuk diloloh katès mateng.

Sangkar kembali digantung di depan rumah dan ia pandang. Tidak lama paruh burung itu seperti mencari makan. Wira berpikir, burungnya sudah waktunya makan. Tetapi, ia belum tau makanannya dan cara memberi makan.

Ia ingin bertanya pada ayahnya, tetapi tidak ada di rumah. Ingin bertanya pada ibunya dan Suci, semakin tidak tahu cara merawat burung. Akhirnya, Wira bertanya pada Bagas, temannya bermain.

Sesampainya di rumah Bagas, ia sedang memberi makan burung kutilang. Wira melihat makanannya dan cara Bagas memberi makan. Anak burung disuapi pepaya matang.



Sawisé ngerti carane makani lan pakané, Wira pamit bali. Tekan ngomah, dhèwèké langsung methik katès mateng ing kebon. Katès dioncèki lan dilolohké piyik manuké. Wira bigung jalaran manuké ora gelem mangan.


Tanpa ngguwang wektu, Wira mara nèng omahé Bagas manèh. Sawise tekan kana, Wira takon, “Gas anake manukku kok ora doyan katès, ya?” Bagas wangsulan, “Ora saben manuk gelem mangan katès. Ana kang pangané wiji-wijènan, kéwan cilik, lan daging,”

Wira takon, “Yèn ngono, manuku kudu dipakani apa?” Bagas ganti takon, “Manukmu jinisé apa?” “Aku rung ngerti jalaran isih piyik,” wangsulané Wira. Dhèwèké banjur ngajak Bagas kanggo ndelok anak manuké nèng omahé.

Setelah mengetahui cara memberi makan dan makanannya, Wira berpamitan. Sampai di rumah, ia langsung memetik pepaya matang di kebun. Pepaya dikupas dan disuapkan ke anak burung. Wira bingung karena burungnya tidak mau makan.

Tanpa membuang waktu, Wira datang ke rumah Bagas lagi. Sesampainya di sana, Wira bertanya, “Gas, anak burungku kok tidak mau makan pepaya, ya?” Bagas menjawab, “Tidak semua burung memakan pepaya. Ada yang makanannya biji-bijian, serangga, dan daging.”

Wira bertanya, “Jika begitu, burungku harus diberi makan apa?” Bagas balas bertanya, “Burungmu berjenis apa?” “Aku belum tahu, karena masih kecil,” jawab Wira. Ia lalu mengajak Bagas untuk melihat anak burung di rumahnya.



Nalika Bagas lan Wira tekan ngomah, kurungan manuk wis ora ana. Kekaroné nggolèki ing saben papan. Suci kang lagi rampung ngumbahi ditakoni Wira. Suci wangsulan, “Kurungané manuk takpindhah ing cedhak kandhang pitik.”

“Ngapa kurungané dipindhah, Mbak?” pitakoné Wira. “Jalaran mau nalika aku nyapu ana kurungan lan oncèkan katès nèng ngèmpèr. Kabèh nggawé reged lan disawang ora resep. Mulane, yèn ngingu manuk, kudu bisa njaga karesikan.” wangsulané Suci.

Wira ngrumangsani luput mula banjur njaluk pangapura. Dhèwèké saguh bakal tansah njaga kurungan manuke supaya tetep resik. Bagas nuli ngajak Wira nggolèki manuké néng mburi omah. Sawise weruh piyik manuk ing njero kurungan mau, Bagas mèsè.

Ketika Bagas dan Wira sampai rumah, sangkar burung tidak ada. Mereka mencari di setiap tempat. Suci yang baru saja mencuci baju ditanya oleh Wira. Suci menjawab, “Sangkar burungnya aku pindahhi dekat kandang ayam.”

“Kenapa dipindah, Mbak?” tanya Wira. “Karena saat aku menyapu di dekat sangkar ada sisa pepaya yang berjatuhan. Semua jadi kotor dan tidak enak dipandang. Makanya, jika memelihara burung, harus bisa menjaga kebersihan.” jawab Suci.

Wira merasa bersalah lalu meminta maaf. Ia berjanji akan menjaga sangkar burung tetap bersih. Bagas mengajak Wira mencari burungnya di belakang rumah. Setelah melihat anak burung di dalam sangkar, Bagas tersenyum.

“Iki anak manuk kutut,” kandhané Bagas. “Banjur pakan lan carané makani piyé?” pitakoné Wira. “Anak kutut diwènèhi voerdicampur banyu anget nganti kaya bubur. Carané cukup didokok ing séndhok supaya disusrup dhéwé,” katrangané Bagas.

Sawisé dikandhani, Wira manthuk. Dhèwèké banjur menyang toko pakan kéwan bareng Bagas. Nèng toko Wira tuku voerkang akèh. Tekan ngomah voerbanjur dijur nganggo banyu anget lan diwènèhké manuké.

Wis telung dina Wira bisa makani piyik kututé. Kekaroné katon lemu lan séhat.


Atiné Wira rumangsa seneng bisa nindaké welingé simbahé.

Saben dina piyik kutut ing sajroning kurungan mau tansah disawang.

“Ini anakan burung perkutut,” kata Bagas. “Lalu makanan dan cara memberi makan bagaimana?” tanya Wira. “Anak perkutut diberi voer dicampur air hangat sampai menjadi bubur. Caranya cukup ditaruh di sendok supaya bisa dimakan sendiri,” jelas Bagas.

Setelah diberitahu, Wira mengangguk. Ia lalu pergi ke toko makanan hewan bersama Bagas. Saat di toko, Wira membeli voer banyak. Sampai di rumah voer lalu dicampur menggunakan air hangat dan diberikan pada burungnya.

Setelah tiga hari Wira bisa memberi makan burung perkututnya. Burung itu menjadi gemuk dan sehat. Hatinya Wira senang bisa menjalankan tugas simbahnya. Setiap hari anak perkutut di sangkar selalu dipandang.



Ing sawijining ésuk Wira kagèt jalaran piyik kututé mati siji. Dhèwèké lali ora ngresiki kurungan saéngga njalari turahan pakan dirubung semut. Gagé gombalé diganti lan semuté diguwang nganti resik.

Wira rumangsa gela amarga lali ora ngresiki kurungan. Dhèwèké dadi kèlingan welingé mbakyuné sing kudu tansah njaga karesikan. Marga pakulinané kang kurang becik, njalari piyik kututé mati siji. Kanggo nebus rasa gelané, Wira saguh luwih sregep resik-resik apa waé.

Saben dina Wira saiki mèlu ngréwangi mbakyuné resik-resik omah. Suci dadi seneng atiné jalaran adhiné wis éling wigatiné karesikan. Dhèwèké banjur ngedum gawéyan kanggo ngresiki omah.

Pada suatu pagi Wira terkejut karena anak burungnya mati satu. Ia lupa tidak membersihkan sangkar sehingga sisa makanannya dikerubungi semut. Segera kainnya diganti dan semutnya dibuang sampai bersih.

Wira kecewa karena lupa membersihkan sangkar. Ia jadi teringat pesan kakaknya yaitu harus menjaga kebersihan. Karena kebiasaannya kurang baik, menyebabkan anak perkututnya mati satu. Untuk menebus rasa kecewa, Wira berjanji lebih rajin membersihkan apapun.

Sekarang setiap hari Wira ikut membantu kakaknya membersihkan rumah. Suci jadi senang hatinya karena adiknya peduli kebersihan. Ia lalu membagi pekerjaan untuk membersihkan rumah.



Bagéyan kang kudu diresiki Wira latar tekan èmpèran. Déné bagéyané Suci njero omah, pawon, lan pekarangan. Yèn bagéyané wis rampung, kadhang Wira ngréwangi gawéyané mbakyuné. Suci uga gelem ngresiki kurungan manuké Wira.

Manawa wis padha rampung anggoné resik-resik, dheweke nuli jagongan ing nèmpèr. Kurungan manuk kang resik tansah dadi sesawangané. Suci nakoni adhiné gayut karo asalé piyik kutut iku. Kanthi gamblang Wira nyritakaké marang mbakyuné asalé manuk iku.

Saka critané Wira kuwi, Suci dadi ngerti manawa adhiné diparingi jejibahan simbahé kanggo ngopèni manuk. Pancèn wiwitané dhèwèké ora seneng ingon-ingon manuk. Pawadané telèké piyik mambu lan angèl anggoné ngopèni.

Bagian yang harus dibersihkan Wira dari halaman sampai teras. Bagian Suci yaitu dalam rumah, dapur, dan halaman. Jika bagiannya sudah selesai, terkadang Wira membantu pekerjaan kakaknya. Suci juga membersihkan sangkar burung Wira.

Jika sudah selesai bersih-bersih, ia lalu duduk istirahat. Sangkar burung yang bersih dipandangnya. Suci bertanya pada adiknya darimana asal anak perkutut itu. Wira menceritakan secara gamblang asal burung itu.

Suci menjadi mengerti jika adiknya diberi kewajiban simbahnya untuk merawat burung itu dari cerita Wira. Memang awalnya ia tidak suka memelihara burung. Ia takut jika kotoran burung akan bau dan sulit merawatnya.

Suci dadi kepéngin mèlu ngopèni piyik manuk iku. Wira kagèt jalaran mbakyuné duwé niat péngin mèlu ngopèni manuk. Bagéyané Suci ngresiki kurungan saben soré lan tuku pakan. Déné Wira ngresiki yèn ésuk lan ngecèk pakan sarta ombèné manuk.

Sawisé nem sasi, piyik saya gedhé. Pakané ora voer manèh. Ganti dipakani milèt, juwawut, beras abang lan wiji liyané. Marga diopèni tenanan lan kebak rasa asih, kutut cepet gedhé lan saras. Endhasé gedhé lan gilig nuduhake jinisé lanang.

Ing awaké ana welah nggaris cetha saka dhadha tekan poking buntut. Saliyane kuwi, ana wulu putih ing sandhuwuring mata. Éloké saben wayah tansah gawé seneng wong kang ngrungokaké anggungé.

Suci jadi ingin ikut merawat anak burung itu. Wira terkejut karena kakaknya ingin membantu merawat burung. Bagian suci membersihkan sangkar setiap sore dan membeli makanannya. Wira membantu membersihkan sangkar di pagi hari dan memeriksa makanan dan minuman burung.

Setelah enam bulan, anak burung tumbuh besar. Makanannya tidak voer lagi. Berganti menjadi milèt, juwawut, beras merah, dan biji lainnya. Akibat dirawat dengan baik dan rasa kasih, perkutut cepat besar dan sehat. Kepalanya besar dan bundar menentukan jenis kelaminnya jantan.

Pada tubuhnya ada garis dari dada sampai ekor. Selain itu, juga ada bulu putih di atas mata. Indahya setiap saat membuat senang orang yang melihatnya.

Sawijining dina Mbah Suta tilik Wira lan Suci. Tekan èmpèran wis dibagèkaké déning putune sakloron. Dumadakan Mbah Suta nyawang kutut sajroning kurungan kang cumanthol ing ngarepan. Nétrané ora kedhèp lan katon mèsèm gumbira.

Mbah Suta banjur ndangu Wira, “Telèké manuk priyé?” Wira wangsulan, “Sasampuné umur gangsal wulan, telèké warniné kuning kados emas.” “Wujudé bunder lan garing,” Suci muwuhi katrangan. Krungu katrangané putuné, Mbah Suta katon saya sumringah.

“Kok simbah ketingal remen sanget?” pitakoné Wira. “Kutut sing wis padha kokingu iku pancèn istimewa,” wangsulané Mbah Suta. Suci mèlu bingung banjur takon, “Sing damel istimewa napané, Mbah?” Mbah Suta banjur ngajak putuné sakloron lungguh jagongan ing èmpèran.

Pada suatu hari Mbah Suta mengunjungi Wira dan Suci. Sampai di teras disambut kedua cucunya. Mbah Suta tiba-tiba melihat perkutut yang ada di dalam sangkar di depan. Pengelihatannya tidak berkedip dan tersenyum gembira.

Mbah Suta lalu bertanya pada Wira, “Kotoran burungnya bagaimana?” Wira menjawab, “Setelah umurnya lima bulan, kotorannya berwarna kuning seperti emas.” “Bentuknya bulat dan kering,” Suci menambah keterangan. Mendengar penjelasan cucunya, Mbah Suta semakin senang.

“Kenapa simbah terlihat senang sekali?” tanya Wira. “Perkutut yang sudah kalian rawat memang istimewa,” jawab Mbah Suta. Suci bingung lalu bertanya, “Apa yang membuat istimewa, Mbah?” Mbah Suta mengajak kedua cucunya duduk di bawah.

“Manuk kutut iku kanggoné Wong Jawa klebu ingon-
ingon kang aji. Wong Jawa padha percaya menawa kutut iku
pangéjawantahé sawijining pangéran. Apamanèh yèn kutut
sing nduwé titikan mligi utawa kusus kaanggep nduwèni daya.
Tegesé bisa dadi lantaran tumuruné nugraha saka Gusti Allah,”
wangsulané Mbah Suta.

“Wujuding kanugrahan mau bisa rejeki kang mbanyu mili.
Jaré ana kang kanggo nyingkiraké bebaya. Malah ana uga kang
percaya bisa gawé mulyaning kuluwarga. Mula, kutut kang nduwé
titikan mligi diaji larang,” katrangané Mbah Suta.

Suci takon, “Titikané mligi saking kutut niki napa, Mbah?”
Mbah Suta nerangaké, “Saka welahan ing dhadha lan wulu
putih ing sandhuwuring mripat. Kejaba iku, telèké kang bunder
lan garing awarna emas. Saka titikané, kutut iki nduwèni
katuranggan Pancuran Mas lan Satriya Wilis.”

“Burung perkutut itu bagi orang Jawa termasuk peliharaan
yang sakral. Mereka percaya jika perkutut itu jelmaan seorang
pangeran. Apalagi jika perkutut yang memiliki ciri
khusus dianggap memiliki nilai. Artinya bisa menjadi
perantara anugerah dari Tuhan,” jawab Mbah Suta.

“Wujud anugerah tadi bisa seperti air yang
mengalir. Katanya ada yang untuk menolak sial. Maka
dari itu, perkutut yang memiliki ciri khusus harganya
mahal,” jelas Mbah Suta.

Suci bertanya, “Ciri khas dari perkutut
ini apa, Mbah?” Mbah Suta menjelaskan,
“Dari belahan di dada dan bulu putih
di atas mata. Selain itu, kotorannya
yang bulat dan kering berwarna
emas. Dari cirinya, perkutut ini
memiliki katuranggan
Pancuran Mas dan Satriya
Wilis.



“Katuranggan niku napa, Mbah?” pitakoné Wira.

“Katuranggan iku titikan kusus sing ora diduwèni saben kutut. Mula saka iku, kowé putuku sakloron padha éntuk kanugrahan gedhé. Wujudé manuk kutut kang wis kok ingu iku,” wangsulané Mbah Suta.

Suci mèlu takon, “Bédané kutut katuranggan lan sing boten napa, Mbah?” Simbahé wangsulan, “Kutut katuranggan yèn didol, bisa diaji puluhan tekan atusan yuta. Déné kang ora katuranggan ajiné mung atusan èwu waé. Mula menawa kututmu kuwi payu, kowé bisa sugih dadakan.”

Krungu andharané Mbah Suta, Suci lan Wira kagèt. “Napa wonten tiyang ingkang kersa mundhut kututé niki, Mbah?” pitakoné Suci. Mbah Suta wangsulan, “Aku nduwé kanca sing dhemen golèk kutut katuranggan. Upama saiki dikandhani, sésuk mesthi diparani lan yèn cocok, langsung dibayar.”

“Katuranggan itu apa, Mbah?” tanya Wira.

“Katuranggan itu ciri khas yang tidak dimiliki setiap perkutut. Maka dari itu, kalian cucu-cucuku mendapat anugerah besar. Berwujud burung perkutut yang sudah kalian rawat,” jawab Mbah Suta.

Suci ikut bertanya, “Perbedaan perkutut katuranggan dan tidak apa, Mbah?” Simbahnya menjawab, “Perkutut katuranggan jika dijual, bisa bernilai puluhan hingga ratusan juta. Jika tidak jenis katuranggan harganya hanya ratusan ribu saja. Maka dari itu jika perkutut itu terjual, kamu bisa mendadak kaya.”

Mendengar penjelasan Mbah Suta, Suci dan Wira terkejut. “Apa ada orang yang tertarik membeli perkutut ini, Mbah?” tanya Suci. Mbah Suta menjawab, “Aku punya teman yang suka mencari perkutut katuranggan. Misal sekarang diberitahu, besok pasti datang, dan jika cocok, langsung dibayar.”

Sawisé krungu ngendikané simbahé, Suci lan Wira padha pandeng-pandangan. “Apa kowé péngin adol kutut kuwi?” pitakoné Mbah Suta. “Kula remen sanget yèn wonten sing mundhut kutut niku. Napa melih yèn puluhan ngantos atusan yuta,” wangsulané Suci.

“Awit kanthi arta kathah niku saged kangge nyukupi kebutuhan. Napa malih Bapak ugi dèrèng ngintun arta. Nanging, keputusanipun kula manut Wira, jalaran piyambaké ingkang nemokaken lan ngopèni wiwit alit.”

Wira langsung nyaut, “Yen Mbak Suci péngin ngedol, olèh. Déné aku dhéwé ora kepéngin ngedol jalaran manut welingé simbah mbiyèn, kutut iku kudu diopèni lan ora didol. Mulane, kutut iki arep dakopèni kanggo klangenan.”

Setelah mendengar perkataan simbahnya, Suci dan Wira saling memandang. “Apa kamu ingin menjual perkutut itu?” tanya Mbah Suta. “Aku senang jika ada yang membeli perkutut itu. Apalagi jika puluhan sampai ratusan juta,” jawab Suci.

“Dengan uang banyak itu bisa memenuhi kebutuhan. Apalagi Bapak belum mengirim uang. Tetapi, keputusan di tangan Wira. Karena ia yang menemukan dan merawat dari kecil.”

Wira langsung membalas, “Jika Mbak Suci ingin menjualnya, boleh. Tetapi aku sendiri tidak ingin menjual. Karena ingat pesan simbah yang lalu, perkutut itu harus dirawat dan tidak dijual. Maka dari itu, perkutut ini akan ku rawat untuk hobi.”



Sawise krungu kandhané adhiné, Suci uga ora karep ngadol. Mbah Suta banjur mbrebes mili jalaran Wira isih kèlingan welingé mbiyèn. Niyaté ora kegodha aji atusan yuta. Karepé uga pengkuh kanggo tetep ngupakara kutut katuranggan iku.

Sabanjuré Suci njaluk supaya sésuk ésuk kutut katuranggan diculké ing papan ditemokaké. Wira manthuk karo mèsèmb tandha sarujuk. Mbah Suta uga mèsèmb krungu niyaté putune sakloron. Simbah lan putu iku banjur padha rangkulan karo nyawang kutut ing sajroning kurungan.

Ésuké Wira, Suci, lan Mbah Suta wis tekan alas sangisoré Gunung Nglanggeran. Kutut banjur diculké Wira lan méncok ing pucuk wit durèn. Ora wetara suwé mabur nlusup mega banjur keprungu anggungé saka pucuking gunung. Swarané keprungu kaya ngaturké panuwun marang wong kang ngopèni lan gelem nglestarèkaké.

Setelah mendengar penjelasan adiknya, Suci juga tidak ingin menjualnya. Mbah Suta meneteskan air mata karena Wira masih mengingat pesannya. Niatnya tidak tergoyahkan dengan harta ratusan juta. Keinginannya kuat untuk tetap merawat perkutut katuranggan itu.

Setelah Suci meminta agar besok pagi perkutut katuranggan dilepas di tempat ditemukan. Wira mengangguk sambil tersenyum tanda setuju. Mbah Suta juga tersenyum mendengar perkataan kedua cucunya. Simbah dan cucunya lalu saling rangkul sambil melihat perkutut di dalam sangkar.

Keesokan paginya, Wira, Suci, dan Mbah Suta sudah sampai bawah Gunung Nglanggeran. Perkutut itu lalu dilepaskan Wira dan hinggap di pohon durian. Tidak lama kemudian terbang menembus awan lalu terdengar kicauannya dari pucuk gunung. Suaranya terdengar seperti berterima kasih pada orang yang merawat dan melestarikannya.

Biodata



Penulis

Hidratmoko Andritamtomo. Lahir di Gunungkidul, 18 Mei 1985. Alamat rumah Perum Kembangputih Asri Blok F3, Guwosari, Pajangan, Bantul. Pekerjaan ASN di SMPN 1 Jetis. Aktif menulis sejak 2018 dan bergabung dengan PSJB Paramarta. Beberapa tulisan berbahasa Jawa dimuat di koran, majalah, dan buku terbitan Balai Bahasa Provinsi DIY, Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur, Disbud Kab Bantul, dan Dinas Kebudayaan Propinsi DIY. Instagram @dimashidratmoko.panatacara, WA 085786426553.



Penerjemah

Geovanna Nathania Yolanda, lahir di Sleman, Yogyakarta pada 9 November 2002. Mahasiswa angkatan 2021 di Universitas Gadjah Mada, Yogyakarta. Kegiatan yang pernah diikuti selama berkuliah di Universitas Gadjah Mada antara lain sebagai partisipan Joint Summer Course 2023, bersama DPKM UGM menjadi panitia pelaksana The 3rd ICCEESD 2022, dan sedang menyelesaikan studinya di jurusan Bahasa, Sastra, dan Budaya Jawa, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada Yogyakarta.



Penyunting Bahasa Jawa

Sumadi saat ini adalah seorang peneliti di Badan Riset dan Inovasi Nasional (BRIN). Sebelum migrasi ke BRIN, sejak 1990 ia sebagai peneliti, penyuluh, dan penyunting di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Pria kelahiran Klaten, 9 Maret 1965 ini berdomisili di Godean, Sleman. Ia dapat dihubungi pada nomor 082134193413 dan posel: madiprasaja@gmail.com.



Penyunting Bahasa Indonesia

Noor Hadi adalah pegawai Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta yang sekarang aktif bersama pegiat literasi di Yogyakarta. Pernah menulis cerpen, naskah teater, naskah sinetron, dan melatih teater. Pernah lulus S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia IKIP Yogyakarta dan S-2 Pendidikan Sastra Anak Universitas Negeri Yogyakarta.



Ilustrator

Landha Bellamora adalah seorang ilustrator kelahiran tahun 1997. Saat ini Landha bekerja sebagai designer di sebuah studio lukis di Yogyakarta setelah lulus kuliah dari Institut Seni Indonesia Yogyakarta pada tahun 2022. Di luar kesibukannya sebagai ilustrator, Landha juga membuat beberapa lukisan yang terinspirasi dari cerita rakyat Indonesia, kemudian dipadukan dengan gaya visual manga yang khas. Karya-karya Landha dapat dilihat dengan mengunjungi laman instagramnya di @landhabellamora .

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ing alas Mbah Suta maringi Wira anak manuk. Sawisé diopèni nganti gedhé, manuk jinis kutut iku nduwè ciri kusus utawa katuranggan. Kutut katuranggan yèn didol regane puluhan yuta. Suci kepéngin ngedol, nanging malah diculké. Kenangapa kutut ora didol, nanging diculké? Kanggo nemokaké wangsulané, bisa diwaca crita anak kanthi irah-irahan “Kutut Katuranggan” iki.

Di hutan, Mbah Suta memberi Wira peranakan burung. Setelah dirawat sampai besar, burung jenis perkutut itu mempunyai ciri khusus yaitu katuranggan. Perkutut katuranggan jika dijual harganya puluhan juta. Suci ingin menjualnya, tetapi dilepaskan. Mengapa perkutut tidak boleh dijual, tetapi dilepaskan? Untuk menemukan jawabannya, bisa membaca cerita anak berjudul “Perkutut Katuranggan” ini.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

ISBN 978-634-00-0423-6 (PDF)



9

786340

004236